



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ AK LEJISLATI APOU REKONÈT 2.5 MILYA DOLA NAN REVNI ADISYONÈL NAN BIDJÈ ETA NEW YORK LA

Yo rekonèt revni adisyonèl kòm yon pati nan previzyon konsansis anyèl la epi ki fèt kòm rekiperasyon ekonomik nan kad pandemi mondyal ki depase sa nou t ap atann yo

Eta toujou ap fè fas a yon pèt revni de ane ki koute 17.5 milya dola, ak risk ki rete pliske COVID-19 la kontinye pwodwi ensètitud sou plan ekonomik

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te rive jwenn yon konsansis ak tou de chanm Lejislati a pou rekonèt 2.5 milya dola nan revni adisyonèl sou de zan. Yo te konkli akò a atravè pwosesis previzyon revni konsansis la, ki se yon etap enpòtan nan bidjè anyèl la ki fèt kote Egzekitif la ak Lejislati a dakò sou prediksyon ekonomik ak revni ke prediksyon sa yo pral bay. Atravè akò a, yo pral rekonèt apeprè 1 milya dola nan revni adisyonèl nan ane fiskal aktyèl la k ap fini 31 mas, ak apeprè 1.5 milya dola nan pwochèn ane fiskal la. Sepandan, eta a toujou ap goumen ak yon pèt revni 17.5 milya dola sou de zan, epi, dapre akò a, gen risk ki wo ki rete pliske COVID-19 rete dominan nan tout peyi a ak menas ke gen enkapasite pou metrize li kapab lakoz fèmti kèk sektè nan ekonomi an yon lòt fwa ankò.

"Pandan ke ekonomi an ap grandi odela atant yo epi livrezon vaksen an ap bay nouvo espwa, nou dwe rete pridan pliske COVID-19 kontinye pwopaje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou ekonomi New York la ka retabli nèt, gouvènman federal la dwe distribiye 15 milya dola nan èd apre lidèchip anvan te echwe nan pwoteje New York kont pandemi an epi nan mete fen nan limit dediktibilite SALT la. Mèsi ak Lejislati a pou patenarya li nan atenn akò sa a ak nan avanse pwosesis bidjetè a."

Dapre akò a, Egzekitif la ak Lejislati a dakò pewòl salarye yo nan Eta New York pral ogmante pa 8.8 pousan nan Ane Fiskal 2022 a, ki ap kòmanse 1 avril, apre yon bès dramatik 12.1 pousan nan ane aktyèl la, ki se Ane fiskal 2021 an.

Yo prevwa kwasans revni pèsònèl ap atenn 6.5 pousan pou Ane Fiskal 2021 an ak 2.8 pousan pou Ane Fiskal 2022 a epyo prevwa kwasans salaryal ta dwe 6.4 pousan pou Ane Fiskal 2022 a, apre yon bès 2.6 pousan pou Ane Fiskal 2021 an.

Direktè Bidjè Eta a, Robert F. Mujica te deklare, "Revni ki siperyè pase sa nou espere yo se yon bon nouvèl, men nou toujou ap goumen ak pèt revni devastatè ki te

koze antyèman pa pandemi an kote nou bezwen gouvènman federal la konpanse nou pou nou ka kontinye finanse sèvis debaz yo sou de zan. Nouvo revni sa yo pral itilize pou redwi defisi nan ane k ap vini yo apre finansman federal la p ap disponib ankò".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)